

# Kisa NYSCB ye?

Komisyon Eta New York pou Moun ki Avèg (New York State Commission for the Blind) travay avèk timoun ki avèg legalman pou ede yo viv lavi yo yon fason ki endepandan. Pou fè sa, li bay yo sèvis konsèy, sèvis sipò ak sèvis reyabilitasyon.



## Sèvis pou Timoun

Sèvis yo ofri nan NYSCB kapab bay pitit ou èd ki nesèsè pou reyalize objektif li yo epi pou li vin yon manm endepandan ak patnè kominote a.

Men kèk nan sèvis yo:

- Ansèyman reyabilitasyon (ladrès pou viv chak jou)
- Oryantasyon ak enstwiksyon sou mobilite (ladrès pou vwayaje)
- Konsèy pou ajisteman
- Egzamen ak èd pou vizyon fèb
- Ekipman pou adaptasyon
- Evalyasyon espesyalize
- Pwogram lwazi

NYSCB travay nan tèt ansanm avèk yon rezo ajans pou moun ki avèg, vandè prive, doktè ak espesyalis pou moun ki gen vizyon fèb.



**Pou jwenn enfòmasyon sou sèvis yo rele nimewo:**

**1-866-871-3000**

— OSWA —

**Ale nan sitwèb nou:**  
**[www.visionloss.ny.gov](http://www.visionloss.ny.gov)**

NYSCB se yon divizyon Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York (New York State Office of Children and Family Services).



New York State  
Office of  
Children & Family  
Services



Andrew M. Cuomo,  
Gouvènè

Dapre Lwa anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York ap mete dokiman sa a disponib nan fòma ki apwopriye sou demann.

PUB-4748 (9/2013)

# seeing possibilities

viv • travay • grandi

YON GID POU SÈVIS YO



POU TIMOUN KI AVÈG YO

# NYSCB

[www.visionloss.ny.gov](http://www.visionloss.ny.gov)



## Kimoun ki kalifye?

Nenpòt timoun k ap viv nan Eta New York epi ki avèg legalman oswa ki soud-avèg ka kalifye pou sèvis NYSCB bay yo.

### Sesite legal defini kòm:

- Yon akuite vizyèl 20/200 oswa mwens nan zye ki pi bon an oswa ki pi fèm nan avèk pi bon koreksyon OSWA
- Yon chan vizyon 20 degre ki gen restriksyon oswa mwens nan zye ki pi bon an oswa ki pi fèm nan.

Pwogram NYSCB Children's travay avèk timoun ki gen laj ant lè yo fèt ak 21 ane.

## Fason pou aplike pou sèvis yo

Ou kapab aplike pou sèvis yo pou pitit ou depi ou kontakte youn nan biwo distri NYSCB epi depi ou jwenn yon fòm aplikasyon pou sèvis yo. Answit, n ap pwograme yon premye entèvyou avèk yon Konsiltan NYSCB Children's. Konsiltan Children's ap travay avèk fanmi ou pou kreye yon plan endividyèl pou satisfè bezwen pitit ou epi pou ogmante sèvis distri lekòl la ofri.

Konsiltan Children's kapab ede ou jwenn:

- Evalyasyon espesyalize ak sèvis pou moun ki avèg
- Konsiltasyon nan edikasyon
- Pwogram lwazi
- Konsèy ak oryantasyon pou fanmi
- Enfòmasyon sou resous kominotè ak dwa legal
- Sèvis sipò
- Tranzisyon nan pwogram pwofesyonèl pou adilt

## Kote pou aplike a

Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ak sèvis NYSCB ofri yo, tanpri rele biwo rejyonal ki pi pre ou.

### Albany

40 N. Pearl St., 10th Fl., Ste. D  
Albany, NY 12243  
(518) 473-1675

### Adrès Postal

52 Washington St.  
Rensselaer, NY 12144

### Buffalo

295 Main St., Rm. 590  
Buffalo, NY 14203  
(716) 847-3516

### Harlem

163 West 125th St., Rm. 209  
New York, NY 10027  
(212) 961-4440

### Hempstead

50 Clinton St., Ste. 208  
Hempstead, NY 11550  
(516) 564-4311

### New York City

80 Maiden Lane, 23rd Fl.  
New York, NY 10038  
(212) 825-5710

### Rochester (Outstation)

259 Monroe Ave., Sal 303  
Rochester, NY 14607  
(585) 238-8110

### Syracuse

100 S. Salina St., Ste. 105  
Syracuse, NY 13202  
(315) 423-5417

### White Plains

445 Hamilton Ave., Sal 503  
White Plains, NY 10601  
(914) 993-5370

Pou jwenn enfòmasyon, ou ka rele nimewo gratis nou tou nan: 1-866-871-3000

— OSWA —

Ale nan sitwèb nou: [www.visionloss.ny.gov](http://www.visionloss.ny.gov)

